# T.QAYÍPBERGENOV SHÍǴARMALARÍNDAǴÍ METAFORALAR

**Mámbetalieva Qízlargúl**
Qaraqalpaqstan Respublikasi

https://doi.org/10.5281/zenodo.10067279

***Annotatsiya.*** *Bul maqlaada Sózlerdiń tuwra mánisi onıń dáslepki belgili bir predmet, qubılıs ya solar arasındaǵı qatnasqa tán belgilerge baylanıslı payda bolǵan predmetlik-zatlıq máni haqqında sóz etilgen.*

***Gilt sóz:*** *Lingvomádeniy, metafora, lingvokulturologiya, T.Qayıpbergenov, til birlikleri.*

## METAPHORS IN THE WORKS OF T. QAYIPBERGENOV

***Abstract.*** *In this article, the correct meaning of the words is discussed about the meaning of subjectivity-entity, which is related to the initial sign of one object, event and the connection between them.*

***Key words:*** *Linguistics, metaphor, linguistic culture, T. Kayıpbergenov, language unions.*

## МЕТАФОРЫ В ТВОРЧЕСТВЕ Т. КАЙЫПБЕРГЕНОВА

***Аннотация.*** *В данной статье обсуждается правильное значение слов о значении субъектности-сущности, которая связана с первоначальным признаком одного предмета, события и связью между ними.*

***Ключевые слова:*** *лингвистика, метафора, лингвокультура, Т. Кайыпбергенов, языковые единицы.*

---

Lingvomádeniy izertlewdiń predmeti ssanalatuǵın til birlikleri mádeniyatta simvollıq etalonlıq simvollıq-metaforalıq áhmiyetke iye bolıp, insannıń oylaw iskerligi nátiyjesinde payda boladı. Olar kóbirek bir qansha lingvomádeniy birlikler menen bir qatarda metaforalarda da ushırasadı. Qaraqalpaq til biliminde «Lingvokulturologiya» oqıw qollanbasında[1] «obrazlar sózdiń mádeniyat penen qatnası haqqında baslı xabardı korsetiwshi til birligi. Ádette, obrazlılıq degende til birliginiń predmetler hám qubılıslar haqqında korinisli hám sezimlik tuyǵı beriwin túsinemiz» degen sıpatlama berilip, obrazlılıqtı lingvistikalıq kategoriya sıpatında qaraǵan. Sonday-aq, awıspalı motivlesken sózler (metaforalar) mádeniy belgilerdiń sırtqı kórinisi sıpatında qarap, onı til bilimindegi universal qubılıslardıń biri dep qaraydı.

---

[1] Ábdinazimov Sh., Tolıbaev X. Lingvokulturologiya. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 2020. -51-b.

Metafora tilde stillik usıl hám kórkem usıl sıpatında sóz mánileriniń awısıwındağı eń belsendi metaforizaciyalıq usıl sıpatında qollanıladı.

Sóz sheberleri shığarmalarına názer taslay otırıp, onda kórkemlew quralları sıpatında xızmet atqaratuğın sózlerdiń awıspalı mánileriniń oğada kóp ekenligin baqlaymız. Sóz sheberleri sózdiń, pikirdiń ótkirligin beriw ushın awıspalı mánili sózlerden oğada sheber paydalanadı.

Sózlerdiń tuwra mánisi degende onıń dáslepki belgili bir predmet, qubılıs ya solar arasındağı qatnasqa tán belgilerge baylanıslı payda bolğan predmetlik-zatlıq mánini túsiniwimiz kerek. Bul predmetlik-zatlıq máni sózdiń tiykarğı tuwra mánisi bolıp esaplanadı. Endi usı tiykarğı tuwra mánini konkret materiallar tiykarında anıqlayıq. «Ashshı», «bas», «suyılıw», «quy» sózleriniń tiykarğı mánisi degende «ashshı» sózin «záhárdey, záhár» dep, «bas» sózin adamnıń belgili bir músheси dep, «suyılıw» sózin qoyıw nárseniń suyıqlasıwı, al «quy» sózin bolsa adamnıń qanday da bir suyıqlıqtı ekinshi nársege quyıwın túsinemiz.

Mısalı:

Eki iyninen dem alıp haplığıp tur, malayınan awzına tamğan *ashshı* terin jeńi menen sıpırıp jiberip, esikte tósewli jatırğan shıptanıń ústine saqqa júgindi.

Aqbiyday májbúriy *basın* kóterdi, onıń kózleri qızarıp, qabağı isip ketipti

Sonnan umıtılmağanı – Maman biy menen orıs ustasınıń qábiri Ámiwdiń Aralğa quyıp, dushshı suw menen ashshı suwdıń birige almay, qaynawıtlap atırğan jerindegi suw astına shókken bir kishkene atawda ekenin tastıyıqlawshı bir ğana ápsana – usı «Maman biy ápsanası» (511-bet).

Bul mısallarda joqarıdağı mısal retindegi alınğan sózler tuwra hám tiykarğı mánisinde keltirilip tur. Al, jazıwshı olardı tásirli, obrazlı bolıwı ushın joqarıdağı sózlerdi awıspalı-metaforalıq mánilerde de qollanıladı. Mısalı:

- Sizdi *ashshı shóp* degenge endi isendim. Tarlıq etpeńiz, atı qaraqalpaqqa bárhá yabılar ústemlik etedi dep dámetpeńiz. Elge jaqsılıqtı Xiywa beredi

- Bárekella, jábir shekken adamlar, shıdańlar. Maman qayttı degen xabar bar, jawdıń kúshi *suyıldı*!

Keltirilgen mısallardağı «ashshı» sózi dáslepki tiykarğı mánisindegidey awqatlıq zattıń dálili emes, al jaman adamnıń sóylegen sóziniń qulaqqa jağımsız, ızalı bolatuğınlığın sol dáslepki mánige salıstırıw, uqsatıw arqalı bildirip turıptı. Basqa sózler de usınday tuwra mánisinde emes, al awıspalı mánide qollanılğan.

Qaljırap kelgen Amanlıqtı otqa abınğan halında boyı jılıp qalqıdı, állen waqıtta ózine kelgen Allayar onı súyep, qaptalğa saban tósekke jatqarıp, basınan *quyılıp* turğan qandı tazaladı «Bas» sózi adamnıń múshesin bildiredi. Ol tuwra mánisi jağınan usı músheni bildirip keledi. Basqa da

sózler sıyaqlı usı sóz de máni awısıw menen sıpatlanadı. Bunda ol músheden basqa nárselerdiń atamasın bildirip keledi.

Júkten *oshaq basına* qulaǵan qarshınday ekewi eki jerde alaqshınǵa bas qoyıp jatıp Eki zat yamasa qubılıstıń qanday da bir uqsaslıq tárepine tiykarlanıp, onıń birewine tiyisli belgini awıspalı mánide ekinshi bir zat penen baylanıstırıp ataw metafora dep ataladı. Metaforalarda obrazlılıq kúshli bolıp keledi.

Metafora kórkem shıǵarma tilinde obrazlılıq payda etiw ushın xızmet atqaradı. Troptıń basqa túrleri menen bir qatarda metafora ulıwmalıq uqsaslıqqa iye boladı, bul uqsaslıq olardıń báriniń de awıspalı mánide keliwi menen belgilenedi. Ulıwma, salıstırıw tiykarında metaforada ózine tán bir usıl tiykarında tilde, sonıń ishinde, kórkem shıǵarma tilinde eń kóp qollanılatuǵın usıl sıpatında belgili. Metafora ózine tán ózgeshelikleri menen parıqlanıp turǵanlıqtan izertlewshiler bul usıldı ayrıqsha qızıǵıwshılıq penen úyrenip kiyatır.

Sózdiń mánileri qalay bolsa solay awısa bermeydi, al belgili bir semantikalıq usıllar tiykarında júzege keledi. Bunday usıllardıń biri bolıp metaforalıq usıl arqalı sóz mánisiniń awısıwı esaplanadı. Bul usıl arqalı sóz mánisi awısqanda, anaw ya mınaw predmet yaki qubılıstıń ataması arqalı óz ara túri, forması, háreketi t.b belgileriniń uqsaslıqlarına qaray ekinshi predmet yaki qubılıs ataladı. Máselen, biz joqarıda ashshı, bas, suyılıw, quy sózleriniń awıspalı mánilerin kórip shıqqan edik. T.Qayıpbergenovtıń «Maman biy ápsanası» shıǵarmasında sóz mánileriniń bayıwında metaforalıq usıl úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı. Sonlıqtan da, metaforalar kórkem ádebiyatta, xalıqtıń sóylew tilinde, kórkem shıǵarmalarında da jiyi ushırasıp hám aktiv qollanılıp otıradı.

Metaforada uqsatılǵan zat qaladı, kórinip keledi, al uqsatılatuǵın zat túsirilip qaldırıladı. Bunda kontekstten túsirilip qaldırılǵan yaǵnıy uqsatılatuǵın zattı ol ańlatıp kelgen mániden bilip, túsinip alıwǵa boladı. Solay etip, metafora - eki zat, hádiyse, háreket yamasa belgiler ortasındaǵı ulıwmalıq uqsaslıqqa tiykarlanıp máni awısıw, usı arqalı olardıń birewiniń atı menen ekinshisin ataw. Onda kórkemlik, tásirsheńlik kúshli bolıp, obrazlılıq payda etedi.

T.Qayıpbergenov shıǵarmaları tiline tallaw jasap qaraǵanda hárbir shıgarmasında metaforalardıń jiyi qollanılatuǵını málim boldı. Olardıń ayırımları kórkemlik maqsette jumsalsa, ayırımları obrazlılıq sıpatqa iye bolıp kelmeydi. Olar ulıwma xalıq tilinde qollanılatuǵın obrazlılıqqa iye emes metaforalardıń qatarına kiredi.

Shıǵarmalardıń tilinde paydalanǵan kórkemlew quralларınıń bir bólegin metaforalar qurap, olar obrazlılıq beriw, shıǵarma tiline kórkemlik qosıw ushın paydalanıladı.

**REFERENCES**

1. Ábdinazimov Sh., Tolıbaev X. Lingvokulturologiya. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 2020. -140b.
2. 2.Aynazarova G. Qaraqalpaq tilinde ten'les yeki komponentli frazeologizmlerdin' leksika-semantikali'q ha'm stillik wo'zgeshelikleri. Nókis «Qaraqalpaqstan», 2015.
3. Абдуазизов А. Ўзбек тилининг фонологиясы ва морфологияси. Тошкент, 1992, 112-бет.
4. Тажимуратова Ш. С. САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ. – 2023.
5. Saginbaevna T. S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Spectrum Journal of Innovation, Reforms and Development. – 2022. – Т. 9. – С. 386-392.
6. Tajimuraova S. S. INFORMATION AND COMMUNICATIONS IN MANAGEMENT //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – Т. 1. – №. 5. – С. 509-511.
7. Tajimuratova Shakhnoza Saginbaevna. (2022). MANAGEMENT AND STUDY OF CULTURE AND ART. Web of Scientist: International Scientific Research Journal, 3(1), 758–762.
8. Sag'inbaevna, T. S. (2023). Cultural Life in Uzbekistan during the Years of Independence. Spanish Journal of Innovation and Integrity, 18, 39-41.

MODERN SCIENCE & RESEARCH